



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 12 fevriye 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO MANDE POU NOUYÒKÈ YO PRAN ANPIL PREKOSYON NAN GWO TANPÈT NÈJ NÓ A
KAP APWOCHÈ ETA A**

Anplwaye Eta ki pa esansyèl kapab chachè apwobasyon sipèvizè yo pou yo rete lakay yo nan Jedi

“Pandan nap kontinye prepare pou tanpèt ki prevwa pou frape plizyè pati nan eta New York aswè a ak demen, Mwen ankouraje Nouyòkè yo nan rejyon ki afekte yo pou yo konsidere rete lakay yo,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Pandan tanpèt la, yo prevwa pou nèj akimile a yon pousantaj de a twa pous nan chak èdtan, sa ki pral rann li difisil pou ekip kap retire nèj la kenbe wout yo klè. Chofè yo dwe soti sou wout yo si sa posib, ak pran anpil prekosyon si yo dwe vwayaje nesèsman. Sonje pou voye zye sou vwazen ou ak pwòch ou pandan tout tanpèt la, swiv rapò nouvèl lokal yo pou rete enfòm sou konsèy pwofesyonèl nan jesyon ijans yo.”

Sèvis leta, etablisman, ak fonksyonman yo ap rete ouvè nan 13 fevriye 2014. Toutfwa, anplwaye ki pa esansyèl yo, nan previzyon a kondisyon meteyo ki prevwa nan Long Island, Vil New York, Hudson Valley ak rejyon kapital Distri a, kapab pa vin travay nan jou a e yap jwenn kredi apwopriye jou konje ak apwobasyon sipèvizè.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418